



Konsèy Enpòtan pou Asirè:



Anrejjistre nan myPolicy pou sa soumèt nenpòt reklamasyon an liy epi pou ka wè enfòmasyon sou politik, reklamasyon ak pèman yo. Vizite www.citizensfla.com/mypolicy pou konnen plis toujou.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

Rele Citizens First

866.411.2742

Fè reklamayson an anliy

atravè myPolicy nan

www.citizensfla.com/mypolicy

24èd tan pa jou, sèt jou nan semèn nan

Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive pou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans la ki gen plis valè.



Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

www.citizensfla.com

Kisa ou bezwen
konnen **sou**
Enspeksyon ke
Citizens ofri



Jan sa fèt pou majorite konpayi asirans yo, Kòporasyon Asirans Propriete Citizens egzije ke gen enspeksyon ki dwe fèt peryodikman ak mèt pwopriyete yo pou verifye kalifikasyon yo, valè ranplansman ak kèk lòt karakteristik bilden yo. Enpeksyon sa yo ka tou ede ou idantifye kèk difikilite potansyèl anvan you transfòme an pwoblèm serye.

Jan sa deklare nan aplikasyon ak politik nou yo, Citizens gen dwa pou fè enspeksyon pwopriyete yo nenpòt moman padan peryòd validite polis la.

Enspeksyon sa yo se **gratis** pou ou e se yon konpayi pwofesyonèl enspeksyon ekstèn k'ap fè travay sa. Enspeksyon yo varye nan dimansyon yo epi nou esplike sa nan bwochi sa a.

Pwosesis Espeksyon - Kisa pou Atann

Anvan yo fè enspeksyon pwopriyete ou a, Citizens ap voye yon imel ba ou ansanm ak ajan ou la ak tout enfòmasyon ki konsène pwosesis enspeksyon an ak lisa ou dwe atann. Konpayi enspeksyon an ap kontakte ou pou pwogramme enspeksyon an pou yon semènn apre ou resevwa imel la, epi y'ap fè ou konnen ki tip enspeksyon ki pwogramme.

Konsèy Enpòtan pou Asirè:

Fè sèten ke enfòmasyon ou bay Citizens yo kòrèk paske se sa konpayi asirans lan pral itilize pou jwenn ou. Rele ajan ou a kounye a menm si ou bezwen aktyalize enfòmasyon an.

Tip enspeksyon yo

De (2) tip enspeksyon Citizens genyen:

- **Enspeksyon deyò:** Pèsonn pa oblige la pandan enpeksyon sa; men enspektè a ap bezwen aksè konplè ak tout espas deyò kay la pou ka egzmine do kay la, edifis ki deyò yo ansanm ak kondisyon ekstèn yo.
- **Enspeksyon anndan/deyò:** Ou menm oswa yon moun ou delege (18 lane oswa plis) dwe la pou bay aksè ak anndan kay la pou enspektè a ka fè evalyasyon elektrisite, pou plombri ak system HVAC, san bliye do kay la ak kondisyon ekstèn yo.

Endepandaman de tip enspeksyon an:

- Ou dwe bay aksè a pòt ki fèm epi espas komen ki fèmen yo.
- Chen ak lòt bèt yo dwe nan yon espas fèmen pandan enspeksyon an.

Konsèy Enpòtan pou Asirè:

- Kontakte konpayi enspeksyon an imedyatman si ou bezwen repwogramme.
- Kontakte ajan ou a si ou pap ka la epi si ou pap ka delege yon moun ki ka bay aksè ak anndan pwopriyete a.

Enpòtan!

Si konpayi enspeksyon an pa ka enspekte pwopriyete ou a oswa si ou derefize enspeksyon an, Citizens ka anile politik asirans ou a oswa pa renouvre li.

Rezulta Enspeksyon ak Keson

Rezulta enspeksyon an ap disponib nan twa semèn. Ajan ou a ka reponn nenpòt kesyon ou ta ka genyen epi ba ou konsèy sou nenpòt bagay ki ta mande pou aji.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.citizensfla.com/inspections.

